TATAKRAMA SUNDA JEUNG PANGAJARANANA

A. Bubuka

Sacara etimologis wangenan tatakrama asal kecapna tina tata jeung krama (skrt). Tata ti basa kawi hartina adat aturan. Krama (skrt) hartina sopan. Lemes. Tatakrama dina harti anu jembar nya éta sakabéh sistem dina kabiasaan, cara hirup manusa tina lingkunganna. Dina harti nu heureut tatakrama nya éta sopan santun anu disapukan ku lingkungan masarakat.

Di dunya internasional, tatakrama disebut etika (etiquette, prancis). Sakabéh bangsa atawa sélér bangsa miboga pola tatakrama sewang-sewangan saluyu jeung adat kabiasaan hirup maranéhanana. Sasaruanna nya éta ngawangun kahayang manusa pikeun hirup di masarakat anu tengtrem, harmonis, tur silih ajénan hiji jeung nu séjénna.

Medar tatakrama (etiket) salian ti nu patali jeung pasualan etika, sabab pageuh pakaitna najan aya bédana. Etika asalna tina basa Yunani (ethos) hartina kasusilaan, ahlak, moral, atawa kabiasaan-kabiasaan nyieun hiji kahadéan. Kasadaran manusa dina ngabédakeun mana nu bener jeung mana nu goréng disebut kasadaran etis (moral).

Etika sipatna filosofis sedengkeun tatakrama (etiket) sipatna praktis. Tatakrama nu alus bisa nulungan manusa sangkan miboga etiket (moral) anu alus. Najan teu ngajamin yén tatakrama alus, moralna ogé alus saperti dina paribasa jeung babasan sunda aya ungkapan *ngabudi ucing, lungguh tutut, sawah sakotak kaider kabéh, ari légég-légég lebé* ari lampah antara tatakrama jeung etika patukang tonggong. Dumasar klasifikasina etika dibagi jadi tilu bagian (jenis).

1. Etika filosofis, miboga udagan nu sipatna filosois (filsafat) hakékatna “bener” numutkeun akal budi. Anu kaasup ieu golongan nya éta aliran naturalis, idéalis, vitalis.
2. Etika téologis, miboga udagan ngalelempeng bebeneran ajaran agama atawa kapercayaan. Nu kaasup ieu golongan nya éta etika Islam, Kristen, Hindu, Budha, Khong fu tse, jst.
3. Etika sosiologis, anu ngajadikeun udagan pokokna nya éta katengtreman jeung kabagjaan masarakat. Anu ruang lingkupna ngawengku paripolah hirup masarakat.

B. Kalungguhan Tatakrama Sunda

Sanggeus nilik kana pasualan di luhur, écés yén sopan santun di lingkungan masarakat Sunda. Jadi nyoko kana etika sosiologis jeung pasti aya patalina jeung etika téologis sarta filosofis.

Nilik pasualan di luhur, tatakrama Sunda bisa robah gumantung kana kasapukan masarakat Sunda.

Kalungguhanna salaku pakem ngeunaan cara guyub nu alus sangkan harmonis tur dinamis sacara utuh silih asah, silih asih, silih asuh, silih hormat hiji jeung séjénna. Lamun diwincik kalungguhan tatakrama nya éta:

1. Kalungguhan personal (pribadi), ngawangun pribadi anu utuh salaku mahluk nu utama.
2. Kalungguhan sosial, pikeun ngatur hubungan antara anggota masarakat Sunda.
3. Kalungguhan kultural (budaya), bisa méré gambaran kaluhungan budi manusa Sunda anu miboga adab.
4. Kalungguhan edukasional (atikan), némbongkeun léngkah-léngkah kautamaan atikan lahir sinareng batin manusa Sunda “terpelajar”
5. Kalungguhan integratif, nyoko kana kamampuh manusa keur partisipasi di masarakat.
6. Kalungguhan instrumental, bisa ngajadikeun hiji indikator alus goréngna, alus henteuna alat (tatakrama) pikeun ngahontal hiji udagan.

C. Mangpat Tatakrama Sunda pikeun Masarakat Sunda

Mangpaat tatakrama kalintang jembarna, méh nyoko sakabéh aspéh paripolah manusa, salila urang interaksi unggal poé jeung manusa séjénna. Mangpaat kahiji, bakal karasa keur pribadina satuluyna sumebar ka lingkungan sabudeureunana jeung satuluyna bakal karasa ku kelompok etnisna. Lamun urang sadar yén lain kahéngkéran buku acuan, tapi maham jeung ngabiasakeun make tatakrama.

Gurat badag ngeunaan mangpaat tatakrama Sunda keur pribadina (personal) ngalatih jeung ngabiasakeun manusa Sunda sangkan miboga sikep tur paripolah anu :

1. Ngajénan hak jeung kawajiban
   Manusa anu tanggoh kana hak jeung kawajibanana hirupna bakal adil.
2. Tartib jeung disiplin. Tuhu kana hukum, aturan masarakat (konvensi) kaasup aturan pamaréntah.

3. Sopan santun, bakal ngatik kaluhungan budi, saluyu jeung katangtuan-katangtuan susila nu aya di masarakat.
4. Sederhana (basajan), paripolah sineger tengah teu gedé hulu, dinamis remen ngukur kamampuh diri.
5. Jujur, paripolah luyu jeung kereteg haté.
6. Adil, ayana kasaimbangan ngagunakeun hak jeung ngalaksanakeun hiji kawajiban. Manusa nu miboga kasadaran etis bakal inget yén jalma séjén miboga hak jeung kawajiban nu kudu diajénan.
7. Welas asih, ngantengkeun tali silaturahmi: silih hormat, silih tulungan, jeung silih ajénan. Welas asih hartina daék ngorbankeun diri keur nu séjénna.

D. Unsur Tatakrama Sunda

Lamun wangenan tatakrama dihartikeun kumaha carana hirup akur di masarakat, geuning kalintang jembar ruang waktuna. Tempat jeung kajadianna campur gaul diantarana di imah, RT, RW, Desa, Sakola, tempat gawé, tempat kamonésan, di jalan, jsb.

Tapi dina kanyataanana mah (situasi) alam kahirupan anu sakitu lobana, unsure tatakrama Sunda téh bisa diwincik saperti ieu di handap.

1. Basa, salaku alat komunikasi anu panghadéna boh lisan boh tulisan dina kahirupan masarakat Sunda jeung fungsi basa nu maksudna mahér maké Undak-Usuk Basa.
2. Gesture (kinetik), ngawengku pasemon, rengkuh, rindat, cara diuk, leumpang, imut, jsb.
3. Pakéan jeung barang anu dipaké kudu saluyu jeung waktu, tempat, kabiasaan, tur kaperluanana.
4. Rasa, gumantung kana luhungna budi jeung surti dina nyanghareupan hiji pasualan (situasi).

E. Sumber Pangaweruh Tatakrama

Kasadaran manusa pikeun mikawanoh bédana hal nu alus jeung nu goréng, alus jeung goréngna tatakama tur luhur jeung handapna méntalitas hiji jalma, gumantung kana:

1. Umur

Biasana manusa beuki nambahan umur hartina beuki déwasa, bisa ngabédakeun mana nu alus jeung mana nu goréng. Tapi aya ogé umur nu geus kolot, tapi tuna pangaweruh ilaharna disebut *kolot gé kolotok munding*.

2. Atikan

Nu ngalaman atikan di sakola atawa di lingkungan kulawarga ilaharna mibanda paripolah nu hadé. Hal éta dipiharep enggoning nyuprih élmu di sakola nu leuwih luhur mibanda paripolah nu leuwih alus. Dina kahirupan masarakat aya babasan *teu nyakola*.

3. Kasadaran Agama

Agama ngatik umatna sangkan bias méméré paripolah, lahir, jeung batinna. Dina Islam geus diatur ibadah ka Allah (hablumminallah) jeung tatakrama antara manusa (hablumminannas).

4. Pangalaman

Nungtun manusa sangkan hirupna leuwih soson-soson enggoning ngahontal udaganna. Jalma nu boga loba pangalaman ilaharna disebut *legok tapak genténg kadék.*

5. Lingkungan

Ngeunteung kana ungkapan tradisional babasan *kurung batok, bau lisung, jauh ka bedug,* anu hartina enteung pikeun jalma nu asalna ti lingkungan anu heureut pakeun, kurang guyub, sabalikna jalma kudu jembar panalar, lega ambahan, kabula-kabalé, tur bisa némbongkeun jalma nu hade di lingkungana.

6. Adat istiadat

Kabudayaan étnis (sélér bangsa) anu bakal bias némbongkeun sajarah kamekaran éta kelompok étnis nu ngawangun paripolah tur pandangan hirupna.

F. Paripolah nu Hadé (etis).

Sikep nu hadé jeung sipat pikeun campur gaul

1. Handap asor (santun)
2. Luwes, lincah atawa supel, bisa nyaluyukeun diri jeung lingkungan sabudeureunana.
3. hadé tur beresih, bisa némbongkeun kajembaran haténa. Sipatna teu kungsi goréng sangka ka batur.
4. Panceg jeung jujur, teu babari kapangaruhan jalma séjén.
5. Rancagé, parigel, hartina aktip tur kreatip.
6. Gedé wawasan hartina optimis

G. Paripolah Nu Goréng (non etis)

Dumasar kana pedaran di luhur, anu nyoko kana kasadaran moral, aya hal-hal nu teu saluyu pikeun larapkeuneun, diantarana:

1. Ngarasa lain (rendah diri, minder) nu bakal ngarugikeun ka dirina sorangan kusabab:
   a. Éraan pisan
   b. Sarwa sieun
   c. Pondok piker
   d. Hésé maju
2. Kaku, teu bisa adaptasi.
3. Geumpeur teu panceg
4. Kasar
5. Gampang sumerah (*bodas ceuli*)
6. Kurang kreativitas
7. Gede hulu, sombong

H. Tatakama Basa Sunda

Tatakrama Basa Sunda asal kecapna *tata* (basa.kawi=aturan), *krama* (basa.sangsekerta=sopan); jadi tatakrama nya éta aturan kasopanan. Istilah tatakrama basa Sunda mangrupa hasil Kongrés Basa Sumda, dina bulan Januari 1988 di Cipayung Bogor Jawa Barat.

Istilah saacanna téh Undak-Usuk Basa Sunda atawa Anggah-Ungguh Basa Sunda. Gaganti tina éta istilah pikeun ngaleungitkeun kesan yén ayana panta-panta basa (kasar-lemes) nu sipatna feodal, padahal ayeuna tatakrama basa sipatna leuwih sopan jeung santun. Kabuktian ku nambahana jumlah kecap-kecap dina basa Sunda anu miboga sinonim kecap numutkeun R. Satjadibrata, salasaurang inohong basa Sunda yén dina taun 1940, jumlah kecap lemes kurang leuwih aya 400 kecap, tapi dina panalungtikan pakar bahasa di IKIP Bandung, jumlah kecap ayeuna aya 586 kecap éta hal jadi bukti yén masarakat tetep merlukeun ayana kecap lemes, salaku wahana sopan santun.

I. Panta-panta Basa Sunda

Ti mimiti taun 1917 nepi ayeuna geus loba inohong basa, boh urang Sundana sorangan boh inohong deungeun nu ngadéskripsikeun panta-panta Basa Sunda salaku wujud tina tatakrama Basa Sunda, diantarana D.K. Ardiwinata (1917), J.Kats & M. Soeriadiradja (1927), Soeriadiradja (1929), R. Satjadibrata (1956), R.I. Adiwidjaja (1951), Ri. Buldan Djajawiguna (1978), jeung Hidayat Suryalaga (1988).

Dina awalna, basa Sunda téh teu wanoh kana panta-panta basa, sakumaha nu aya dina naskah-naskah heubeul abad 17. Kitu ogé basa nu dipaké di masarakat Baduy ti Banten Kidul. Tapi dina kamekaranana salaku konsekuensi logis tina akulturasi

jeung budaya deungeun, antukna aya panta-panta basa. Lamun dideskripsikeun basa Sunda miboga panta basa, disebut ogé ragam basa.

Ieu dua ragam basa téh kabagi jadi ragam-ragam séjénna. Leuwih tétélana bisa katitén dina pedaran ieu di handap:

1. Ragam Basa Hormat kabagi jadi:
    a. Ragam basa lemes pisan
    b. Ragam basa lemes keur batur
    c. Ragam basa lemes keur sorangan
    d. Ragam basa lemes kagok
    e. Ragam basa lemes budak
    f. Ragam basa lemes kampong

2. Ragam basa loma kabagi jadi:
    a. Ragam basa loma wanoh (ragam basa akrab)
    b. Ragam basa cohag/garihal (ragam basa kasar)

Tapi najan kitu, kacindahanana anggeus aya tur sakuduna nonoman mikawanoh. Ieu di handap dipedar sacara basajan ngeunaan ragam-ragam basa. Dipiharep sangkan bisa neuleuman buku-buku paélmuan basa Sunda pikeun pangdeudeul kamampuhna.

3. Ragam basa lemes pisan

    Baheula ukur dipaké keur nyarita nu patali jeung Allah SWT, Nabi, jeung para bangsawan. Wangun morfologisna ilaharna mangrupa buku élmu basa Sunda keur ngadeudeulanana.

    Datang=rawuh, Omong=sabda, Manéhna=mantenna, Ngaran=asma.

    Jumlah kecap lemes pisan henteu loba, malah jumlahna beuki ngurangan. Najan kitu sabalikna kecap lemes pisan anu dipaké keur ka Allah SWT jeung para Nabi bisa dipertahankeun.

4. Ragam basa lemes keur batur

    Ieu ragam basa gumantung kana saha anu diajak nyarita ngeunaan naon, dimana, jeung hal séjén anu sipatna situasional. Jumlah kecap anu miboga sinonim kasar-lemes lumayan loba, najan kitu teu sakabéh kecap-kecap remen dipaké gunem catur sapopoé. Lamun ditilik tina wangunna aya sababaraha cara, nya éta:

    a. Ngaleungitkeun rarangkén tukang (sufiks) keun tapi geus teu produktip deui. Contona mapagkeun-mapag, ngrimkeun-ngirim

b. Make frasa anyar, salaku idiomatika ilaharna kusabab dianggap tabu contona: uteuk=lemah putih, beurit nu kasep. Ieu ogé teu produktip deui.

c. Dibalibirkeun contona kijih=kahampangan, irung=pangambung

d. Mangrupa kecap-kecap hususs salaku sinonim. Contona diuk=calik, méré=maparin, dahar=tuang

e. Ngagunakeun infiks “um” jeung “in”. contona béla=buméla, tulis=tinulis, wangun ieu ogé teu loba.

f. Tina kosa kecap basa deungeun, dina awalna sagala gejala interferensi anu ahirna jadi integrasi kana basa Sunda. Contona tina basa Sansekerta: kawajiban=darma, lantaran=marga. Jeung basa Jawa: peuting=wengi, candung=wayuh. Jeung basa Arab: Kuring=abdi, hina=laif.

g. Ngarubah vocal nu nyangkaruk dina kecap contona: vocal a jadi I upama=upami, rupa=rupi. Vocal u jadi a kudu=kedah, sebut=sebat, Vocal u-a jadi i-a murah=mirah, kuat=kiat. Vocal i-u jadi e-a itung=étang. Vocal u-a jadi e-a ruksak=reksak. Vocal u-u jadi e-a mungguh=menggah, cukup=cekap. Perlu dipikanyaho yén wangun ngalemeskeun ku ieu cara sipatna kawatesanan, teu sakabéh kecap bisa dilemeskeun ku cara di luhur. Malah sabalikna, teu kudu ditambahan deui. Misalna teu kudu ngalemeskeun kecap agama jadi agami, tetangga jadi tetanggi jsb.

h. Ngarobah suku kecap tukang tina sakabéh kecap nu tangtu. Contona: diganti ku os: rasa=raos, saperti=sapertos. Diganti ku ntun: wani=wanton, kirim=kintun. Diganti kun ten: béda=bénten, hampura=hampunten. Diganti ku jeng: payu=pajeng, paying=pajeng. Diganti ku uis: antara=antawis, katara=katawis.

5. Ragam Basa Lemes Keur Sorangan

Ilaharna disebut basa lemes sedeng, kecap-kecap jeung sakelompok ragam basa sedeng ukur dipaké keur hiji maksud nu nyoko ka dirina sorangan, atawa jalma nu dianggap sadarajat jeung panyatur. Jumlahna ogé loba pisan. Lamun jalma mahér dina maké ragam basa sedeng, bisa disebut manéhna geus boga tatapakan tina basa atawa tatakrama basa.

6. Ragam Basa Lemes Kagok

Ilaharna disebut ragam basa lemes panengah, kusabab ayana diantara ragam sedeng jeung ragam lemes. Biasana dipaké keur gunem catur jeung jalma nu status sosialna teu luhur tapi umurna geus leuwih kolot. Ieu ragam basa panengah asalna ti:

a. Mangrupa kecap husus ragam panengah, jumlahna saeutik pisan, misalna balik=mulang, nginum=ngopi/nyaneut.
b. Tina ragam basa lemes sedeng contona saré=mondok, boga=gaduh.
c. Tina harti injeuman (konotatif), misalna pamajikan=batur hirup, dahar heula=ka dapur heula.

7. Ragam Basa Lemes Budak

Ieu ragam basa ngan bias dipaké ku jalma nu kaitung déwasa lamun lawan ngomongna budak leutik, éta ogé lamun di kulawarga, atawa paguneman budak jeung budak. Teu pantes lamun dipaké ku kolot lamun lawan ngomongna kolot deui. Conto ragam basa lemes budak: dahar=emam, nginum=eueut, saré=bobo, balik=uih, baju=acuk. Kudu dihusahakeun keur jalma nu geus déwasa ulah make kecap jeung ragam basa lemes budak lamun embung disebut bubudakeun.

8. Ragam Basa Lemes Kampung

Saéstuna dumasar struktur atawa morfologis, ieu ragam henteu salah, kusabab ngalakonan hukum prosés morfologis anu sarua jeung pangangun kecap lemes, disebut lemes kampung, ngan kusabab karasa anéh atawa jiga dijieun-jieun atawa salah kaprah. Tapi lamun kecap-kecap lemes kampung geus nyebar jeung dipaké di masarakat, antukna bakal asup jadi kosa kecap lemes. Misalna anu kaasup lemes kampong jadi=janten, babantu=babantos, tatangga=tatanggi, agama=agami

9. Ragam Basa Loma

Baheula ilaharna disebut ragam basa kasar. Saéstuna, ieu ragam basa jadi dadasar basa Sunda nu mangrupa entri. Dipaké dina buku pangajaran jeung media citak. Aya ogé anu nyebutkeun ragam nétral, salaku dasar jeung kecap-kecap basa Sunda contona dahar, saré, beurang, maném, jsb.

10. Ragam Basa Cohag/Garihal

Éta kecap-kecap remen dipaké ku jalma nu kurang pangalaman atikanna atawa jalma nu keur ambek, kosa kecapna aya dua jenis nya éta:

a. Husus Ragam Basa Garihal

   Upamana imah=gogobrog, dahar=tetegék, indit=mantog, jsb.

b. ~~Tina Kecap-Kecap Anu Remen Dipaké Keur Sato~~

   Upamana sungut=bangus, suku=cokor, jsb.

CONTOH LARAPNA UNDAK-USUK BASA

A. B.S. LOMA/KASAR (KATA DASAR)	B. B.S. SEDENG (PESONA I)	C. B.S. HORMAT (PESONA II&III)
bawa	bantun	candak
balik	wangsul	mulih
beuli	pésér	galeuh
beuteung	kadaharan	patuangan/lambut
Boga	gaduh	kagungan
Déngé	kuping	dangu/rungu
deuleu, ténjo	tingal	tingali
Dating	dongkap	Sumping
Jual	Ical	Ginsirkeun
gering	udur	teu damang

J. Mekarkeun Karakter (Budi Pekerti) Ngaliwatan Atikan

1. Ciri Karakter nu hadé salaku hasil tina tarékah ngamekarkeunana

a. **Pribadi:** jujur, otonom, tanggungjawab, manajemen diri jeung disiplin diri, wantér, integritas.

b. **Sosial:** babari guyub jeung batur, wijaksana, welas asih, sopan, bisa dipercaya.

c. **Politis:** démokrasi, konstitusional, tuhu kana aturan hukum, pemahaman antarbangsa, aya perhatian kana widang pulitik, béla bangsa.

2. **Faktor pangarojong jeung bangbaluh enggoning ngawujudkeun karakter nu hadé:** Katurunan**,** pangalaman nalika keur budak, tuladan ti kolot jeung sobat dalit, pangaruh babaturan, lingkungan fisik jeung sosial, média komunikasi, bahan ajar di sakola jeung lembaga kaagamaan, situasi jeung peran husus (Campbell&Bond, 1982).
3. **Cara ngukur karakter nu hadé:** pangaweruh, kamekaran kognitif tur moral nu luyu jeung umur, ajén, komitmen, rancangan tinulis, paripolah pribadi jeung sosial nu terbuka.
4. **Prosés mekarkeun karakter nu hadé**

Kamekaran karakter anu hade didasaran ku komunikasi nu efektip jeung sakabéh ajén antara anggota kulawarga, sakola, organisasi kaagamaan, jeung masarakat.

Dina raraga ngamekarkeun karakter individu anu hade, sakola miboga kalungguhan anu signifikan. Sakola bisa mangaruhan kamekaran moral siswa sacara intensional jeung efektif kusabab dituduhkeun ku kolot nu miboga pangawasa kana staf pangajaran jeung siswa sacara teges, surti jeung imajinatip, ogé miboga komitmen kana kamekaran akademik jeung karakter siswa. Anggota staf pengajar nu miboga dédikasi anu bisa nyieun rekan jeung siswana sangkan sumanget. Malapah gedang, antukna siswa dikurilingan ku sagala rupa kasempetan pikeun ngalarapkeun paripolah silih tulungan.

Nyadiakeun sakabéh wangun keur ngenalkeun paripolah nu hadé keur siswa boh individu ogé koléktip. Dituduhkeun ka arah ngajaga sistem symbol, slogan, upacara, jeung lalaguan anu ngaronjatkeun idéntitas koléktip ka para siswa. Didédikasikeun sangkan mertahankeun disiplin para siswa ngaliwatan kode disiplin anu disawalakeun sacara jéntré tur jembar, anu bener-bener dididéudeulan tur didukung ku sagala upaya nu relevan. Komitmen kana pangajaran akademik, jeung méré pancén ka para siswa. Surti kana pangabutuh dina mekarkeun loyalitas babarengan kana pasualan-pasualan husus nu tangtu di sakola.

Simpati kana ajén himpunan eksternal kolot, jeung nganggap salaku pangrojong kana bangbaluh budak ngora. Remen maké waragad gedé keur ngabebener program siswa, tapi teu matak kakurangan waragad nu jadi alesan teu kahontalna program. Transparan keur nu meunangkeun pitulung, pangdeudeul, jeung pangrojong kolot tur jalma-jalma sawawa di luar sakola. Negeskeun karakter anu hadé dina harti wangenan mutahir atawa tradisional (Wynne, 1989).

K. Panutup

Tina pedaran nu diébréhkeun samémehna tatakrama Sunda téh mangrupa aturan-aturna paripolah nu aya di kahirupan sapopoé tur geus disapukan ku masarakatna. Tatakrama Sunda téh sawaktu-waktu bisa barobah luyu jeung parobahan dina kahirupan masarakatna. Tatakrama téh mangrupa hasil tina kasapukan jeung kabiasaan, ku kituna tatakrama Sunda teu mibanda sipat feodalis tapi tatakrama mibanda sipat démokratis. Mekarna tatakrama kudu dimimitian ti lingkungan anu leuwih leutik nu ahirna mangaruhan lingkungan alam di sabudeureunana.

Tatakrama basa Sunda anu samémehna disebut Undak-Usuk Basa Sunda mangrupa istilah pikeun ngaleungitkeun kesan yén panta-panta basa téh mibanda sipat feudal sedengkeun nu saéstuna mah tatakrama basa téh leuwih nyoko kana sopan-santun.

Pikeun mekarkeun karakter pribadi nu hadé (budi pekerti) kudu nyoko kana tatapakan ayana komunikasi nu efektif jeung ayana kontribusi ajén ti anggota kulawarga, sakola, organisasi kaagamaan, jeung masarakat. Dina raraga mekarkeunkarakter individu anu hade, sakola mibanda peran nu kalintang pentingna sabab sakola bisa mangaruhan mekarna moral siswa sacara intensif jeung efektif.

Daftar Pustaka

Adiwidjaja, RI. 1951. Adegan Basa Sunda. Jakarta. J.B. Walters.

Atja. 1968. Carita Parahiyangan Titinggal Karuhun Urang Sunda abad ka 16 Masehi. Bandung. Jajasan Kabudayaan Nusalarang.

Ekadjati, Edi S. 1986. Pendidikan Kebudayaan Sunda untuk Sekolah Menengah Atas, Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Sunda (Sundanologi).

Hidayat Suryalaga. Drs. Sejarah Sunda. (Makalah), Lembaga Kebudayaan Unpas Bandung.

Jaka Soeryawan. 1994. Pengetahuan Dasar Tentang Kebudayaan Sunda I

Lembaga Kebudayaan Unpas.

Koentjaraningrat. 1981. Pengantar Antropologi Budaya Cetakan ke-3. Aksara Baru. Jakarta.

Natawijaya, Rohman. 2014. Karakter Bangsa Indonesia tinjauan Psiko pedagogis. UPI Press. Bandung.

Rahmat, Otong. 1995. Ilmu Budaya Sunda. Universitas Pasundan. Bandung.

Rosidi, Ajip. 1984. Ciri-ciri Mansia dan Kebudayaan Sunda Dalam Edi S. Ekadjati, Masyarakat Sunda dan Kebudayaannya. Jakarta Siri Mukti Pustaka.

Yudibrata, Karna. …. Bagbagan Makéna Basa Sunda. Geger Sunten. Bandung